

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab, baris dipedar ngeunaan: 1) kacindekan tina panalungtikan; 2) Implikasi; jeung 3) rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi anu judulna “Transliterasi jeung Talaah Fungsi dina Naskah *Punika Paragi Ngaruwat*”. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis anu mangrupa salasahiji métode panalungtikan kualitatif. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun nyaéta téhnik studi pustaka, wawancara, jeung dokumentasi. dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan déskripsi naskah, transliterasi, jeung telaah fungsi téks dumasar kana fungsi téks mantra jeung fungsi téks kaagamaan.

Naskah *Punika Paragi Ngaruwat* anu kandelna 31 kaca, ngawengku opat téks nu judulna *PPN*, *PPHK*, *PDS*, jeung *IS*. Teks dina ieu naskah kabagi jadi téks mantra jeung téks kaagamaan. Téks mantra dina ieu naaskah ngaguar ngeunaan budaya ngaruwat, rajah pikeun ngaruwat, hajat kifarat, rajah, jeung du’a anu dibaca nalika hajat kifarat. Sedengkeun téks kaagamaan ngawengku du’a pikeun tawasulan jeung pangaweruh agama Islam ngeunaan diciptakeunna nabi Muhammad saw, korélasi solat jeung anggota awak, sarta asal-usul manusa kudu solat.

Hal anu mimiti dilakukeun ku panulis nyaéta pross transliterasi nu nyindekel kana buku Pedoman *Transliterasi, Edisi, dan Terjemahan: Aksara Sunda Kuna, Buda, Cacarakan, dan Pegon*. Tina hasil transliterasi, panulis ngalakukeun panalungtikan mimiti nu patali jeung idéntitas naskah. idéntitas naskah anu ditalungtik ngawengku waruga naskah jeung néang raratan naskah. Sabada ngadéskripsikeun naskah, panalungtikan dituluykeun kana nganalisis fungsi téks anu ngawengku téks mantra jeung kaagamaan.

Fungsi téks dina ieu naskah kabagi jadi dua fungsi nyaéta fungsi téks mantra jeung fungsi téks kaagamaan. Anapon fungsi téks sacara jembrna nyaéta: 1) salaku pakakas pikeun ngakomunikasikeun ka sakur nu maca téks ngeunaan budaya utamana budaya ngaruwat, hajat kifarat, du’a pikeun tawasulan ka Séh Abdul Qodir Jaélani, jeung pangaweruh ngeunaan ibadah agama Islam; 2) ngajaga sangkan budaya ngaruwat hajat kifarat teu kapopohokeun tur masih bisa dimumulé ku

generasi satuluyna. Sangkan babari nurunkeunana, ieu budaya ditunda dina téks, 3) pangwangun ajén kamanusaan, nu nyieun manusa teu poho ka asalna, ka saha kudu nyembah; jeung ka 4) panglipur haté, sabab naon baé anu dibaca dina ieu téks téh bisa diteuleuman minangka hiji tarékah sangkan leuwih deukeut jeung gustina.

Fungsi tina téks mantra, salian ti ngaguar ngeunaan budaya ngaruwat jeung haajat kifarlat, ieu téks miboga fungsi anu luyu jeung eusi dina téks mantra nyaéta rajah. Anapon fungsi rajah nu kapanggih dina ieu téks, di antarana: 1) neda rahayu hirupna; 2) neda dijauhkeun tina rupaning gangguan anu datang ti mahuk séjén; 3) neda dipaparin kabarokahan, kasalametan, tur kalancaran dina milampah kairupan; 3) neda dijauhkeun tina panyakit anu datangna ti teluh, ti mahluk séjén, jeung sajabana; 4) neda dipaparin kasalametan diri jeung raja kaya; 5) dijauhkeun tina balai; 6) dipirido ku gusti; 7) naklukeun tempat anu sangar atawa sanget; 8) jeung neda dihampura dosa.

5.2 Implikasi

Hasil transliterasi ieu naskah, bisa digunakeun ssangkan masarakat maham kana eusi naskah *PPN*. Hasil talaah fungsi bisa nambahan pangaweruh masarakat ngeunaan fungsi téks mantra jeung fungsi téks kaagamaan dina ieu naskah. Salian ti éta talaah fungsi téks dipiharep bisa mantuan masarakat sangkan leuwih babari maham kana eusi jeung fungsi téks *PPN*. Fungsi téks kaagamaan bisa nambahan pangaweruh masarakat ngeunan agama Islam, sarta mawa manusa sangkan leuwih deukeut jeung Gusti.

5.3 Rékomendasi

Ieu panalungtikan masih jauh tina kecap sampurna. Sok sanajan kitu, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh anu patali jeung naskah Sunda Buhun. Aya sawatara rékomendasi anu ditepikeun, nyaéta ieu di handap.

- a. Panalungtikan dina widang filologi, édisi téks dina naskah *Punika Paragi Ngaruwat* teu kagarap dina ieu panalungtikan. Ku kituna, panalungtikan satuluyna ngeunaan édisi téks jeung kritik téks perlu dilakukeun.
- b. Panalungtikan dina widang budaya, informasi ngeunaan budaya ngaruwat nu dipedar dina ieu panalungtikan kawilang kawatesanan ku téks. Ka hareupna,

mungkin budaya ngaruwat anu mekar di di Désa Pamekaran bisa ditalungtik sacra leuwih teleb tina jihad budayana.

- c. Informasi ngeunaan budaya séjén anu kacangking ku panalungtik salila ngalakukeun panalungtikan aya budaya Ampih Paré Guar Bumi.